



Pou Piblikasyon Imedya: 23/08/2023

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

GOUVÈNÈ HOCHUL REJWENN ONONDAGA NATION POU YON REYINYON ISTORIK NAN MEZON LONG ONONDAGA NATION

Foto yo nan vizit jodi a disponib [isit la](#)

Gouvènè Kathy Hochul te vizite Mezon Long Onondaga (Onondaga Longhouse) jodi a pou yon konvèsasyon ak lidè Onondaga Nation yo, tankou Tadodaho Sid Hill, reprezantan Konsèy Chèf yo, ak Manman Clan yo.

"Jodi a nou te rankontre nan Mezon Long Onondaga Nation pou ranfòse relasyon ant gouvènman yo ant Onondaga Nation ak Eta New York", **Gouvènè Hochul te deklare.** "Vizit sa a te make premye fwa nan mwaye yon syèk ke yon Gouvènè New York an fonksyon te vizite teritwa Onondaga Nation epi li rive apre retou istorik plis pase 405 ekta tè nan Onondaga Nation. Pandan yon konvèsasyon pwodikatif ak siyifikatif, nou te diskite sou enkyetid inik Onondaga Nation yo ap fè fas ak fason de gouvènman nou yo ka kolabore, tankou atravè investisman nan edikasyon ak swen sante. Nou pran angajman pou kontinye dyalòg sou pwoblèm enpòtan sa yo ak ranfòse kolaborasyon respektive nan ane k ap vini yo".

"Nou onore pou nou akeyi Gouvènè Hochul pou premye vizit yon Gouvènè New York nan Mezon Long lan nan omwen demi syèk, epi nou pa ka tann pou nou travay avèk li ak responsab yo nan Eta a sou sipò garanti avèk trete pou sèvis edikasyon ak sante pou sitwayen nou yo", **Tadodaho Sid Hill te deklare.** "Dyalòg toujou esansyèl pou relasyon respektive ant gouvènman yo, epi nou dakò ke retounen 405 ekta tè nan sous dlo Onondaga Creek la se yon rekonesans yo t ap tann depi lontan sou nesesite pou ranvèsè degradasyon anviwònman tè a ak dlo ki te soutni pèp nou an depi lontan anvan kolon Ewopeyen yo te premye rive. Nou espere ke sa a se kòmansman yon long dyalòg pwodikatif nan direksyon pou retabli lapè ak jistis sou tè nou yo. Onondaga Nation espere ke reyinyon sa a pral akselere pwosesis laverite ak gerizon ant de gouvènman nou yo, pandan n ap travay pou jistis dirab, lapè ak respè pou tout moun ki abite zòn sa a ki se tè natal Onondaga Nation ak pèp li a".

###